O`ZBEKSTAN RESPUBLIKASI XALIQ
BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ

A`JİNİYAZ ATINDAG`I NO`KİS MA`MLEKETLİK
PEDAGOGIKALIQ İNSTİTUTI

Qaraqalpaq til bilimi kafedrası

Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyatı fakulteti
3^A kurs studenti Bawbekova Dilnuranın`

«Qaraqalpaq tilin oqıtıw metodikası» pa`ninen
«**Qaraqalpaq tilindegi bag`ının`qılı qospa ga`plerdi oqıtıw**»
degen temada tayarlag`an
KURS JUMISI

Qabıllag`an: f.i.k.M.Qurbanov

No`kis – 2014

JOBASI:

Kirisiw
Tiykarg`ı bo`limler
1. Sın bag`ınınqılı qospa ga`plerdi oqıtıw
2. Salıstırmalı bag`ının`qılı qospa ga`plerdi oqıtıw
3. Waqıt bag`ının`qılı qospa ga`plerdi oqıtıw
4. Sebep bag`ının`qılı qospa ga`plerdi oqıtıw
5. Maqset bag`ının`qılı qospa ga`plerdi oqıtıw
6. Sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`plerdi oqıtıw
7. Qarsılas bag`ınınqılı qospa ga`plerdi oqıtıw
Juwmaq

Paydalanilg`an a`debiyatlar

# KIRISIW

O`zbekstan Respublikası Oliy Ma`jilisinin` 1997-jıl avgusttag`ı tog`ızınshı Sessiyasında O`zbekstan Respublikasının` Prezidenti I.A.Karimov «Jas a`wladtın` u`ylesip rawajlanıwı-O`zbekstan progressinin` tiykarı» atamasındag`ı shıg`ıp so`ylegen so`zinde jan`a ilimiy bag`darlama qabıl etiw, bilimlendiriw ha`m jaslarg`a ta`rbiya beriw sistemasında tu`pkilikli reforma jasawdın` tiykarg`ı printsiplerin atap o`tti ha`m kadrlar tayarlaw boyınsha milliy bag`darlamanı O`zbekstan Respublikası qalay iske asırıw kerekligin belgilep berdi.

Usı tiykarda Joqarı ha`m orta arnawlı oqıw orınlarında bilim beriwdin` qurılısın qayta qarap shıg`ıw, teoriyalıq bilimge ha`m a`meliy ta`jiriybelerge iye qa`nigelerdi tayarlaw za`ru`rligi payda boldı.

Na`tiyjede halıq bilimlendiriw xızmetkerlerinin` aldına oqıw-ta`rbiyanı jetilistiriw, oqıtıwdın` sapasın jaqsılaw, onın` formaları menen usılların bayıtıp barıw, a`sirese, klassta o`tiletug`ın sabaqtın` mazmunın bayıtıw-keshiktiriwge bolmaytug`ın wazıypa retinde belgilendi. Ha`r bir sabaqta o`tiletug`ın materiallardın` joqarı ideallıg`ına, onın` o`tkendegi ha`m ha`zirgi turmıs penen tıg`ız baylanıslılıg`ına, onda bilim ha`m ta`rbiyanın` birligine mudamı dıqqat awdarılıw, sonday-aq sabaqta didaktikalıq printsiplerdi durıs qollanıw menen birge onda oqıwshılardın` belsendiligine, do`retiwshilik iskerligine erisiw za`ru`rligi. O`ytkeni, bu`gingi oqıwshı jaslar ha`zirgi ku`nnin` ha`m erten`gi keleshegimizdin` u`lken wazıypaların sheshedi, elimizdin` ta`g`diri, ja`miyettin` ha`r ta`repleme tabıslı ilgerilewi ushın juwapkershilik olarg`a ju`klenedi.

Reformada: «Bilim beriwdin` ha`m ta`rbiyalawdın` sapası arttırılsın, ha`r bir pa`ndi oqıtıwdın` joqarı ilimiy da`rejesin, ilim tiykarların iyelew, ideyalıq-siyasiy jaqtan a`dep-ikramlıqqa ta`rbiyalawdı ja`ne fizikalıq jaqtan rawajlandırıwdı jaqsılaw ta`miynlensin»-dep ko`rsetilgen.

Ulıwma bilim beretug`ın mekteplerge qoyılg`an talaplar qaraqalpaq tilin oqıtıwg`a da tiyisli. O`ytkeni, qaraqalpaq tili oqıwshılardı insanıylıqqa, a`dep-ikramlılıqqa ta`rbiyalaydı.

Tu`sindiriliiwge tiyisli materialdın` ko`lemin, mazmunın anıqlap, ondag`ı a`hmiyetli orındı belgilep alıw, u`yreniliwi kerek teoriyalıq materialdı sabaqtın` qaysı tu`rinde o`tiletug`ınlıg`ı, onda metodikalıq usıllardı qalay qollanıw kerekligi jobalastırılıp alınadı.

Sonday-aq sabaqta ko`rsetpeli qurallardan paydalanıw za`ru`rligin, oqıwshılar menen islenetug`ın jumıs tu`rlerin anıq belgilep alıw, waqıttı sabaqtın` qurılısına qaray durıs bo`listiriw talap etiledi.

Bilimlendiriw standartı tiykarında qaraqalpaq tilin oqıtıwdın` mazmunın jetilistiriwde sabaqta jan`a materialdı tu`sindiriw sol materialdı oqıwshılardın` sanalı o`zlestirip alıwı esapqa alınadı. Ol ushın mug`allim materialdı bayanlawda mısallar menen temanı ıqsham, tujırımdı tu`rde tu`sindirip beriwi kerek.

Materialdı bayanlawda bag`darlamadag`ı, sabaqlıqtag`ı materiallar menen sheklenbesten, og`an baylanıslı qosımsha ilimiy-metodikalıq, pedagogikalıq a`debiyatlar menen metodikalıq qollanbadag`ı ilim jetiskenlikleri pedagogikalıq texnologiyada aytılıwı sha`rt.

Sabaq barısında bayanlanıwg`a tiyisli teoriyalıq materiallarg`a baylanıslı alıng`an mısallar oqıwshılardın` bilim da`rejesi menen jas o`zgesheligine sa`ykes keliwi, onın` a`debiy til normalarına juwap beriwi, oqıwshılardın` do`retiwshilik ukıplılıg`ın arttırıwı za`ru`r.

Qaraqalpaq tilin okıtıwda tildin` barlıq tarawları izbe-izlikte u`yreniledi. Bul bug`darda beriletug`ın bilim, teoriyalıq mag`lıwmatlar, til ilimindegi son`g`ı jetiskenlikler boyınsha beriledi.

Qaraqalpaq tili kurısının` tarawları o`z-aldına qaralg`an menen olardı oqıtıwda ha`r bir tarawdın` o`zgeshelikleri, olardın` bir-birine qatnası esapqa alınadı.

Til bo`limleri arasındag`ı baylanıs bir-birinen ajıratılmaydı, ma`selen, leksika, fonetika, morfologiya bo`limleri sintaksis bo`limin okıtıwda eske tu`siriledi, ondag`ı formalar aytıladı.

Sintaksis bo`limi eki klassta 8-klassta jay ga`ptin` sintaksisi oqıtılsa, 9-klassta qospa ga`ptin` sintaksisi oqıtıladı.

Qospa ga`ptin sintaksisin u`yreniw barısında oqıwshılar qospa ga`ptin` tu`rlerin, ondag`ı jay ga`plerdin` baylanısıw usılların, jay ga`plerdin` orın ta`rtibin ha`m ma`nilik belgilerin tolıq xa`m anıq tu`rde bilip aladı.

Qospa ga`pti oqıtıw jay ga`ptin` sintaksisin oqıtıwg`a qarag`anda birqansha qıyın ha`m qospalı. Sebebi, qospa ga`pti oqıtıwda mug`allim oqıwshılardın` durıs, sanalı tu`sinip alıwı ushın ha`r qıylı metodlardan: gu`rrin`, qadag`alaw, ko`rgizbelilik, tu`sindiriw, salıstırıw usıllarınan durıs paydalanıwı tiyis.

Qospa ga`ptin` o`zi u`lken eki bo`limnen ibarat. Bul bo`limler arasında da bekkem baylanıs bar. O`ytkeni, oqıwshılar da`slep dizbekli qospa ga`p haqqında tu`sinik alg`annan keyin, bagının`qılı qospa ga`p tuwralı materialdı an`sat bilip aladı. Sebebi dizbekli ha`m bag`ının`kılı qospa ga`pler arasında aytarlıqtay ayırmashılıq jok. Dizbekli qospa ga`p penen bag`ının`qılı qospa ga`plerde jay ga`plerdin` sanı, orın ta`rtibi birdey.

Tek olardag`ı jay ga`plerdin` bir-biri menen baylanısında ayırmashılıq bar. Usı ayırmashılıqlar ko`rsetpeli qural usılında tu`sindiriliw kerek. Sonda bul eki bo`lim arasındag`ı baylanıs, olardın` o`zgesheligi anıqlanadı.

Bag`ının`qılı qospa ga`ptin` birinshi jay ga`pi ekinshi jay ga`p penen bayanlawıshlıq formalar yaki feyil formaları menen baylanısqanlıqtan bag`ının`qı baylanıstı du`zip keledi. Na`tiyjede birinshi ga`p bag`ının`qılı bolıp ekinshi ga`pke (bas ga`pke) baylanısadı ha`m bag`ının`qılı qospa ga`pti du`zedi. Qospa ga`ptegi bunday belgilerdi anıqlaw teoriyalıq materiallar tiykarında u`yretiledi. Bag`ının`qılı qospa ga`plerdi u`yretiwde salıstırmalılıq, analiz-sintez usılları a`hmiyetli bolıp esaplanadı. Sebebi, bag`ının`qılı qospa ga`plerdin` birewi ekinshisine salıstırılıp tu`sindirilgende, olardın` uqsaslıg`ı yaki ayırmashılıg`ı anıqlanadı.

Bunday uqsaslıq yaki ayırmashılıq salıstırıw arqalı tu`sindirilse, oqıwshılardın` oylawı qa`liplesip, bag`ınıwqılı qospa ga`plerdin` ma`nilik tu`rlerin to`mendegishe bilip alıw mu`mkin.

1. Bag`ınıwqılı qospa ga`ptegi jay ga`plerdin` baylanısın (a`sirese feyil formaları ha`m qatnasıq so`zler arqalı baylanısın) salıstırıw arqalı u`yretiw:

2.Bag`ınıwqılı qospa ga`ptegi jay ga`plerdin` ma`nilik belgilerin, orın ta`rtibin salıstırıw arqalı anıqlaw:

3.Bag`ınıwqılı qospa ga`p penen dizbekli qospa ga`p komponentlerinin` bir-birinen o`zgesheligin belgilew:

4.Bag`ınıwqılı qospa ga`ptegi jay ga`plerdin` bir-birine g`a`rezliligin formalar arqalı tu`sindiriw ha`m t.b.

## SIN BAG`ININQILI QOSPA GA`PLERDI OQITIW

Sın bag`ınıwqılı qospa ga`ptin` kuramındag`ı bag`ınıwqı ga`p bas ga`pke grammatikalıq qurallar arqalı bag`ına baylanısqanda, sın bag`ınıwqılı qospa ga`p bas ga`pten an`lasılg`an is-ha`rekettin` mazmunın tolıq ashıp beredi, sıpatlap tu`sindiredi. Sın bag`ınıwqılı qospa ga`pti oqıtıwda sın pısıqlawısh penen salıstırıp, olardın` o`zine ta`n o`zgeshelikleri aytıladı, sın pısıqlawıshı eske tu`siriledi.

Oqıwshılardın` sın pısıqlawısh boyınsha tu`sinigi ha`m bilimi tolıq bolsa, sın bag`ınıwqılı qospa ga`ptin` belgilerin, ondag`ı jay ga`plerdin` baylanısıwların o`zlestirip aladı.

Sonlıqtan oqıwshılardın` pısıqlawısh boyınsha bilimin, tu`sinigin anıqlaw ja`ne onı tolıqtırıw ushın sabaq ta`kirarlanıp, ga`pler tallanadı, sın bag`ınıwqılı qospa ga`pke baylanıslı material tu`sindiriledi.

Oqıwshılarg`a mınaday mısallar jazdırıladı:

1.Oy na`zeri ha`r jerde **turaklamay**, ol a`lle kimlerdi izleydi. (T.Qayıpbergenov).

2.Suw ısırap <u>bolmastan</u>, atız erkin tola basladı (J.Saparov).

3.Ko`l u`stinde a`wpildegen tolqınlar payda **bolıp**, kememiz shayqalıwg`a qaradı. (O`.Ayjanov).

4.Terekler bo`rtik **jarıp**, jer jasıl lipasqa bo`lene basladı. (G`.Seytnazarov).

5.Na`resteni ha`r su`ygen **sayın**, onın` ko`zlerinen jas to`gildi. (T.Qayıpbergenov).

6.Jerdin` ju`zinde ha`reket toqtap **qalg`anday**, ha`mmemiz oylanıp otırmız. (T.Qayıpbergenov).

Berilgen ga`pler sintaksislik jaqtan tallanadı. Sın bag`ınıwqılı qospa ga`ptegi jay ga`pler qanday formalar menen baylanısqanı, ondag`ı jay ga`plerdin` orın ta`rtibi, bul ga`pler qanday sorawlarg`a juwap bergenligi anıqlanadı.

Oqıwshılar bag`ınıwqı ga`plerdin` bayanlawıshları **ıp-ip,-p, pa-pe-y, g`an-day+gendey** formalarınan bolg`anlıg`ın ha`m **qalay? qa`ytip?** sorawlarına juwap bergenin aytadı.

Hal feyilden bolg`an sın pısıqlawıshqa hal feyilden bolg`an sın bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bayanlawıshları salıstırılıp, sın bag`ının`qılı qospa ga`ptin` to`mendegidey belgilerge iye bolatug`ınlıg`ı eskertiledi:

1.Bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bag`ının`qı ga`pi bas ga`ptegi is-ha`rekettin` qalay orınlang`anın bildiredi.

2.Bag`ının`qı ga`p qalay? qa`ytip? sorawlarına juwap beredi.

3.Bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshları **ıp+ip+p, pa+y, pe+y, be+y, bay-y, g`anday+gendey** formalarına iye boladı.

4.Bag`ının`qı ha`m bas ga`ptin` aralarına u`tir belgisi qoyıladı, bag`ının`qı ga`p bas ga`ptegi is-ha`rekettin` qalay bolatug`ının bildirip keletug`ını da`liyllenedi.

Sın bag`ının`qılı qospa ga`ptin` ma`nilerin anıqlaw, ondag`ı bayanlawısh formalardın` tu`rlerin biliw maqsetinde ko`rsetpeli (sxema, tablitsalardan) qurallardan paydalanıladı.Mısalı.

| Hal feyil formaları | Mısallar | Sorawlar |
|---|---|---|
| Ip-ip-p | Ken` dalada kewili da`r`yaday **tasıp**, bir jigit baratır tan` sa`ha`r shag`ı (I.Yusupov).<br>Eki betinin` alması qıp-kızıl **bolıp**, tu`si o`zgerip ketti (J.Aymurzaev). | Qa`ytip?<br>Qalay? |
| Ma+y, me+y<br>Pa+y, pe+y<br>Ba+y, be+i | Ol baspana taba **almay** ja`n-jaqqa juwırdı (M.Da`ribaev).<br>Bası awırg`anın **sezbey**, ol ja`ne sandıraqladı (A.A`liyev).<br>Hesh bir jaw **jolıqpay**, shıqtı maydanlıq dalag`a (Bozg`ulan) | Qalay?<br>Qalay |
| Mastan+mesten<br>Bastan+besten | Bazar keshe bolg`anına **qaramastan** ko`sheler adamg`a tolı (A`.Atajanov)<br>Olar bug`ıp **jatpastan**, ekewi ornınan turdı (J.Saparov) | Qalay? |
| Kelbetlik feyil formaları:<br>G`anday+gendey<br>Qanday-kendey | Ko`z jaslarg`a a`lem **ten`selgendey**, du`n`ya shırgu`belek aylandı (A.A`liyev).<br>Jerdin` ju`zinde ha`reket toqtap **qalg`anday**, biraz tınıshlıq sho`kti (T.Qayıpberbergenov). | Qa`ytip? |

**Mastan** forması menen du`zilgen bag`ının`qılı qospa ga`pler du`zilisi boyınsha birdey bolıp olar ma`nilik o`zgesheliklerge iye .

Mısalı:

| -**Mastan** formalı sın bag`ının`qılı qospa ga`p | -**Mastan** formalı waqıt bag`ının`qılı qospa ga`p |
|---|---|
| Suw ısırap **bolmastan**, atız erkin tola basladı.<br>(J.Saparov) | Ol betin ashıp **u`lgermesten-aq**, men onın` qolınan qag`ıp aldım<br>(S.Bahadırova). |

Oqıwshılar sın bag`ının`qılı qospa ga`ptin` **g`anday** forması menen du`zilgen tu`rlerin barlıq waqıtta sınlıq ma`nini bildirip keledi dep tu`sinedi. **G`anday** formalı sın bag`ının`qılı qospa ga`plerdin` ayırımlarında sın ma`nisinen basqa sebeplik ma`nide an`lasıladı: 1.Jerdin` ju`zinde ha`reket toqtap **qalg`anday**, ha`mmemiz bir sheshimge kelmey oylanıp otırmız (T.Qayıpbergenov). (Sın bag`ının`qılı qospa ga`p).

2.Jaman iyis shan`ıraqtı qaplap **alg`anday**, u`ydin` ishinde dem alıw og`ada qıyınlastı. (Sonda). (Sebep bag`ının`qılı qospa ga`p).

Sın bag`ının`qılı qospa ga`ptin` **g`anday** formalı tu`rinin` ha`r qıylı xızmette jumsalıwları, ga`plerdi salıstırıwlar arqalı tu`sindirilip, qanday ma`nilerde qollanılg`anı tuwralı aytıladı.

Ma`selen **g`anday** formalı bag`ının`qılı qospa ga`p bas ga`ptegi is-ha`rekettin` iske asıw a`disin, jolın, salıstırıwshılıq sının bildirgende, sın bag`ının`qılı qospa ga`p boladı.

Al **g`anday** formalı bag`ının`qı ga`p bas ga`ptegi na`tiyjenin` sebebin bildirgende, sebep bag`ının`qılı qospa ga`p boladı, sonday-aq bag`ının`qı ga`p penen bas ga`pten an`lasılatug`ın waqıya, is-ha`reket bir-birine salıstırılsa,salıstırmalı bag`ının`qılı qospa ga`p boladı:

| -**g`anday** formalı sın bag`ının`qılı qospa ga`p | -**g`anday** formalı sebep bag`ının`qılı qospa ga`p | -**g`anday** formalı salıstırmag`ı bag`ının`qı ga`p |
|---|---|---|
| Qarsı aldında qıyamet su`rgin qaplap **kiyatırg`anday**, kızdın` anası moynın` ishke tartadı (K.Sultanov). | Gulla`n atlardın` quyrıqlarınan ten` tartıp **qalg`anday,** ha`mmesi gilt toqtadı.<br>(T.Qayıpbergenov) | Ol telefon qon`ırawın ku`tip **turg`anday**, keskin ha`reket penen trubkanı aldı.<br>(K.Sultanov). |

Sın bag`ının`qılı qospa ga`p hal feyil, kelbetlik feyil formaları menen du`zilmesten **dep** ko`mekshi feyili ja`rdemi menen du`ziletug`ınlıg`ı tu`sindiriledi. Basqa tu`rkiy tilleri sıyaqlı qaraqalpaq tilinde de da`nekerlik xızmette qollanılatug`ın **dep** ko`mekshi feyilinin` xızmeti ko`p.

Mısalı: 1.Bekturg`annan bunday ga`p shıg`adı **dep,** oylamag`an edim (S.Bahadırova).

2.Mına ga`pin` bolmas **dep,** dushpang`a sırın aldırmas (ertekten).

Usınday ga`plerdi u`yrenip, olardı salıstırıp oqıwshılar sın bag`ının`qılı qospa ga`plerdi anıqlaydı.

Al sın bag`ının`qılı qospa ga`p bir baslawıshlı bolsa, ol sın pısıqlawıshlı jay ga`p boladı. Bul o`zgesheliklerdi anıqlaw ushın sın pısıqlawısh penen sın bag`ının`qılı qospa ga`pler salıstırılıp u`yretiledi.

Sın bag`ının`qılı qospa ga`pti sın pısıqlawıshlı jay ga`pler ja`ne bayanlawıshları birdey basqa bag`ının`qılı qospa ga`pler menen salıstırıp tu`sindiriwge tuwra keledi.

Oqıwshılardın` sın bag`ının`qılı qospa ga`pten alg`an teoriyalıq bilimin bekkemlewde, tu`siniklerin teren`lestiriwde sabaqlıqtag`ı shınıg`ıwlardag`ı sın bag`ının`qılı qospa ga`plerdegi bayanlawıshlardın` qanday formada keliwleri boyınsha tu`sinigin biliwge boladı.

O`tilgen temanı okıwshılardın` qalay tu`sinip, o`zlestirgenin biliwde mınaday a`meliy jumıslar orınlanadı:.

1.Tekstten sın bag`ının`qılı qospa ga`pti tawıp jazıw:

2.Sın bag`ının`qılı qospa ga`ptin` qatnasında kishi ko`lemde shıg`arma jazıw.

3.Sın pısıqlawıshlı jay ga`pti sın bag`ının`qılı qospa ga`p penen salıstırıp, ha`r birinin` o`zine ta`n belgilerin awızsha aytıw.

4.Birgelikli sın pısıqlawıshlı jay ga`pti sın bag`ının`qılı qospa ga`p etip du`ziw.

5.Sın bag`ının`qılı bayanlawıshlıq formanı uqsas basqa bag`ının`qılı ga`p penen salıstırıw, ayırmashılıg`ın anıqlaw.

6.Berilgen bayanlawıshlardın` ja`rdemi menen sın bag`ının`qılı qospa ga`p du`ziw, ha`m t.b.

Usı jumıslar oqıwshılardı o`zinshe do`retiwshilik jumıs islewge, izleniwge uyretedi, olardın` sın bag`ının`qılı qospa ga`p boyınsha tu`sinigin, bilimin bekkemleydi.

Oqıwshılarg`a sın bag`ının`qılı qospa ga`p boyınsha anıqlama, qag`ıydalardı ayttıra bermesten olardı jalıqtırmaw, sharshatpaw ushın ha`r qıylı oyınlar o`tkeriwge, sol arqalı olardın` temanı o`zlestiriw da`rejesin anıqlawg`a boladı.

Ol ushın «gu`lda`ste», «kim burın tabadı», «muz jarg`ısh», «kim shaqqan kim epshil» oyınlarınan paydalanıladı

A`sirese, usı temanı tu`sindiriwde gu`lda`ste oyını sho`lkemlestiriledi

Bunda oqıwshılar eki yamasa u`sh toparg`a bo`linip, topardın` atları belgilened,. ha`r toparg`a to`mendegidey tapsırma beriledi:

1.Sın bag`ının`qılı qospa ga`p qanday formalar menen du`ziledi?

2.Bir tu`rli forma da  du`zilgen bag`ının`qılı qospa ga`p neshe tu`rli ma`ni an`latadı?

3.Sın bag`ının`qılı qospa ga`ptin` sın pısıqlawıshlı jay ga`plerden o`zgesheligi qanday? ha`m t.b.

Usı sorawlarg`a topar ag`zaları tolıq juwap berse qızıl gu`l sawg`a etiledi. Jaqsı juwap berse sarı gu`l, ortasha juwap berse ko`k gu`l, juwap berilmese qon`ır gu`l beriledi.

Bul oyınnın` juwmag`ı sabaq juwmaqlang`anda aytıladı, tolıq ha`m jaqsı juwap bergen topar marapatlanadı. Oyın tu`rlerin materialdın` ko`lemine, an`sat-qıyınlıg`ına qaray o`zgertiwge boladı.

Oqıwshılardın` jazba sawatlılıg`ın, tema boyınsha tu`sinigin arttırıw maqsetinde to`mendegidey ga`pler jazıp, ondag`ı sın bag`ının`qılı qospa ga`plerdin` bayanlawısh formaların anıqlaw tapsırıladı:

1.Seytjan atasına tıg`ılıp, ga` mollag`a, ga` balalarg`a qaraydı. (A.Shamuratov).

2.Endi suwpı ne aytar eken degendey, ol a`n`gimege qızıqtı. (Sonda).

3.Adamlardın` narazılıg`ı basılmay, ol u`ydi aylandı da ju`rdi. (A`.Atajanov).

4.O`lim aydarhası jutıw ushın jılısıp kiyatırg`anday, Qa`dir jasırına basladı. (T.Qayıpbergenov).

5.Shabat penen Esemurat burıg`ıday bug`ıp jatpastan, ekewi tu`rgelip oq attı.

6.Ton`nın` astı jibiskendey bolıp, atlılar janlandı. (A.A`liyev).

7.Ol o`tirik so`yleytug`ın adam emes dep, Ayxan a`n`gimeni kesip tasladı. (A.Begimov).

8.Al qasında keler arıw kelinshek, tan`da bir qızg`aldaq atqanday sheshek (I.Yusupov).

Sın bag`ının`qılı qospa ga`plerdi oqıtıwda salıstırıw, tu`sindiriw usıllarınan ha`m kespe qag`azlarıdan paydalanıladı. Bunday usıllar o`tilgen temanı tolıq bekkemlewge ja`rdem etedi. Tema ha`r jaqlama tu`sinirdirilgennen keyin ta`kirarlaw sabag`ın o`tkeriw sabaqtın` mazmunlıg`ın arttırıwg`a ja`rdem etedi.

## SALISTIRMALI BAG`ININ`QILI QOSPA GA`PLERDI OQITIW

Oqıwshılarg`a u`yretiletug`ın ha`r qanday teoriyalıq material mısallar ja`rdeminde tu`sindiriledi, oqıwshılardı sabaqlıqtag`ı anıqlamalar menen qag`ıydalardı kurg`aq yadlawdan qutqaradı, onın` ma`nisine tu`sinip, og`an o`zinshe tallaw jasawg`a, klassta yaki klasstan tıs orınlaytug`ın shınıg`ıwlardı, tapsırmalardı o`z betinshe do`retiwshilik penen orınlawg`a, og`an pikir ju`rgiziwge mu`mkinshilik tuwdıradı.

Oqıwshılarg`a salıstırmalı bag`ının`qılı qospa ga`p haqqında tu`sinik berilgende onın` basqa bag`ının`qılı qospa ga`plerden o`zgeshelikleri aytıladı, mısallar ha`m ko`rsetpeli qurallar ja`rdeminde bayanlanadı.

Salıstırmalı bag`ının`qılı qospa ga`p du`zilisi jag`ınan basqa bag`ının`qılı qospa ga`plerge uqsas, biraq ma`nilik o`zgeshelikleri boyınsha olardan ayırımlanıp turadı. Mısalı:

| **-Se** formalı sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`p | **-Se** formalı salıstırmalı bag`ının`qılı ga`p | **-Gendey** formalı sın bag`ının`qı qospa ga`p | **-Gendey** formalı salıstırmalı bag`ının`qı ga`p |
|---|---|---|---|
| Eger birew bilip sol qoshqardı | O`z basın qanday **qa`dirlese**, jurt | A`lle qayda, alısta gu`ldirmama, | Biraq barlıq jılqı jorg`a bola |

| | | | |
|---|---|---|---|
| qızg`a **jegizse**, ol awırıwdan jazıladı (ertek) | basın sonday qa`dirleydi (O`.Ayjanov) | **gu`rildegendey**, toplardın` dawısı esitilip tur. (A.Bekimbetov). | **bermegendey**, barlıq adam shayır bola bermeydi. (M.Da`ribaev). |

Oqıwshılardın` dıqqatın tablitsag`a awdarıp, salıstırmalı bag`ının`qılı qospa ga`ptin` feyil formalarda keliwin, onın` sın ha`m sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`plerden o`zgesheligin salıstırıp, soraw-juwap arqalı anıqlap, olardı ga`p ishinde keltirip u`yretiw za`ru`r.

Salıstırmalı bag`ının`qılı qospa ga`pler tuwralı tu`sinik beriliwde to`mendegi talaplar basshılıqqa alınadı:

1.Salıstırmalı bag`ının`qılı qospa ga`ptin` qanday formalar menen keliwlerin anıqlaw.

2.Salıstırmalı bag`ının`qılı qospa ga`ptin` basqa bag`ının`qılı qospa ga`plerden o`zgesheliklerin tanıw;

3.Salıstırmalı bag`ının`qılı qospa ga`ptin` ha`r qıylı usıllar menen du`ziliwlerin anıqlaw;

4.Salıstırmalı bag`ının`qılı qospa ga`ptin` kuramındag`ı jay ga`plerdin` belgilerin durıs tu`siniw ha`m t.b.

Salıstırmalı bag`ının`qılı qospa ga`p boyınsha oqıwshılardın` teoriyalıq ha`m a`meliy ko`nlikpe alıwında kespe qag`az ja`rdeminde do`retiwshilik jumıs islew na`tiyjeli bolıp esaplanadı, ol ushın to`mendegidey kespe qag`azlar tayarlanadı:

**1-Kespe qag`az**

**1.Sa-se** formaları ja`rdeminde salıstırmalı bag`ının`qılı qospa ga`p du`zin`.

2.Usı formalar menen kelgen bag`ının`qılı qospa ga`plerdi anıqlan`.

**2-Kespe qag`az**

1.**g`anday+gendey** formalar arqalı du`zilgen salıstırmalı bag`ının`qılı qospa ga`pke mısallar keltirin`.

2.Tekstten salıstırmalı bag`ının`qılı qospa ga`pti tabın`.

Bunnan keyin oqıwshılarg`a sabaqlıqtag`ı shınıg`ıw boyınsha a`meliy jumıs isletip, ondag`ı salıstırmalı bag`ının`qılı qospa ga`plerdin` qanday feyil formaları ha`m basqa da so`zler ja`rdeminde du`zilgenin ayttırıw tiyis, olardın` temanı qalay tu`singenligin anıqlaw maqsetinde mınaday sorawlar beriledi:

1.Salıstırmalı bag`ının`qılı qospa ga`p qanday tirkewishler menen du`ziledi?

2.**Qanday? Qansha? Qalay?** Sonsha, qatnasıqlıq so`zler menen salıstırmalı bag`ının`qılı qospa ga`p qalay du`ziledi?

Salıstırmalı bag`ının`qılı qospa ga`pti oqıtıwda oqıwshılar do`retiwshilik jumıslar orınlanıwı sha`rt: Onda ko`p noqattın` ornına tirkewishlerdi yamasa qatnaslıq so`zlerdi qoyıw, berilgen sorawlarg`a awızsha ha`m jazba tu`rde juwap beriw sıyaqlı a`meliy jumıslar orınlanadı.

Na`tiyjede oqıwshılar salıstırmalı bag`ının`qılı qospa ga`ptin` formalıq, ma`nilik o`zgesheliklerin, ondag`ı jay ga`plerdin` baylanısıw usılların, basqa bag`ının`qılı qospa ga`plerge du`zilisi jag`ınan uqsas, ma`nisi boyınsha o`zgeshe ekenin tolıq biledi.

Oqıwshılarg`a u`y tapsırması retinde mınaday ga`pler beriledi. Onı orınlawda salıstırmalı bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bayanlawısh formasın anıqlaw tapsırıladı:

1.O`zbekler ushın Nawayı, Tu`rkmenler ushın Maktumqulı, qazaqlar ushın Abay qanday qa`dirli bolsa, o`tken a`sirde jasag`an Berdaq shayır qaraqalpaqlarg`a tap solarday qa`dirli.

2.Keyingi waqıtta o`zbeklerdin` arı ushın gu`resiwshi Fayzulla Xojaev, qazaqlardın` arı ushın gu`resiwshi Sa`ken Sayfullin, Tu`rkmenlerdin` arı ushın gu`resiwshi Atabaev qanday qa`dirli bolsa, qaraqalpaqlar ushın Allayar Dosnazarov sonday qa`dirli boldı.

3.Ol qansha ashıwlı so`ylese, Da`wletbay da sonshama qızıp ketti. 4.Adamg`a o`z anası qanday qa`dirli bolsa, Watanı da sonday qa`dirli. 5.Basqa adamlar qalay ju`rse, men de solay ju`remen.

## WAQIT BAG`ININ`QILI QOSPA GA`PLERDI OQITIW

Waqıt bag`ının`qılı qospa ga`p tilde en` ko`p qollanıladı xa`m bayanlawısh formag`a iye, bul temanı oqıtıwda waqıt pısıqlawısh boyınsha mag`lıwmat beriledi.

Oqıwshılardın` waqıt pısıqlawısh ha`m waqıt bag`ının`qılı qospa ga`pten tu`sinigin salıstırmalı tu`rde bayıtıp, ko`rsetpe qural arqalı olardın` o`zgeshelikleri bayanlanadı.

Waqıt bag`ının`qılı qospa ga`pti oqıtıwda to`mendegidey sorawlar do`gereginde jumıs alıp barıladı:

1.Waqıt bag`ının`qılı qospa ga`ptin` qaysı komponenti waqıttı bildiredi?

2.Ol qanday sorawg`a juwap beredi?

3.Qanday forma menen waqıtlıq ma`ni an`lasıladı? ha`m t.b.

Wakıt bag`ının`qılı qospa ga`p bag`ının`qılı qospa ga`plerge soraw qoyıw, olardın` mazmunın, bul bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bayanlawısh formaların anıqlaw, ga`ptegi hal feyil menen kelbetlik feyil formaların ja`ne ra`wishke baylanıslı tu`sinikti eske tu`siriw jolı menen u`yretiledi.

Waqıt bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bayanlawıshı **g`an** formalı kelbetlik feyilinen bolıp, og`an orın sepliginin` **da-de** jalg`awları jalg`anıwdan waqıtlıq ma`nili qospa ga`p du`ziletug`ını tu`sindiriledi:

1.Ol **kelgende**, Qa`lmen u`yinde edi (A.A`liyev).

2.Bizler bo`lmege **kirgende**, kelinshek aynag`a qarap tur eken (N.Da`wqaraev).

Bayanlawıshı **g`an+da** formalı waqıt bag`ının`qılı qospa ga`p ba`rqulla waqıtlıq ma`ni bildire bermey geyde is-ha`rekettin` orınlanıw sha`rtin de bildiretug`ını tablitsa arqalı u`yretiledi. Mısalı:

| **-g`an+da** formalı waqıt bag`ının`qılı qospa ga`p | **-g`an+da** formalı sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`p |
|---|---|
| Ol wa`deni buwısıp u`yge | Da`rmenbay su`yep **qalmag`anda**, ol |

| | |
|---|---|
| **kelgende**, xojanın` o`zi qarsı aldı (T.Qayıpbergenov). | u`n`girge tu`sip ketiwi mu`mkin edi. (T.Qayıpbergenov). |

Bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı sha`rt meyildin` **sa** formasınan bolg`an bag`ının`qılı qospa ga`pler tek is-ha`reketin` isleniw waqtın bildirmesten is-ha`rekettin` orınlanıw sha`rtin bildirip keliwleri salıstırıladı.

Mısalı: 1.U`yge **kelse**, inisi uyıqlap jatır eken (Sh.Seytov). (Waqıtlıq ma`nide).

2.Qa`dir qoylardı suwg`aratug`ın jerge kelse, shopan qoylardı aydap ketipti (sonda).

3.Tamnın` basında jatıp **qarasa**, u`shewi tamg`a kirip ketipti (ertektey). (Wakıtlıq ma`nide).

4.Eger ol **barsa**, baqırısqa ushıraydı (Sh.Seytov). (Sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`p)

5.Baslıq jumıstan shıg`ıp **qalsa**, qıyınshılıqqa dus boladı (sonda) (sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`p).

Wakıt bag`ının`qılı qospa ga`ptin` ma`n`isi ha`m formaları tu`sindirilip onın` o`zine ta`n belgileri aytıladı:

1.Waqıt bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bas ga`pi bag`ının`qılı ga`ptegi is-ha`rekettin` orınlanıw waktın bildiredi.

2.Bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawısh formaları ha`r qıylı ekenligi eske tu`sriledi.

3.Waqıt bag`ının`qılı qospa ga`p waqıt pısıqlawıshtan o`zgeshelenedi. ha`m t.b.

Bul ga`p mezgilles dizbekli qospa ga`pke sa`ykes emes. O`ytkeni mezgilles dizbekli qospa ga`ptegi jay ga`plerdin` bayanlawıshları turaqlı, tıyanaqlı boladı.

Waqıt bag`ının`qılı qospa ga`p teması boyınsha oqıwshılardın` tu`sinigin sistemalastırıw, baqlaw ushın tu`sinikli, anıq sorawlar tayarlanıp sog`an juwap qaytarılıw eskertiledi.

Waqıt bag`ının`qılı qospa ga`p basqa bag`ının`qılı qospa ga`p penen salıstırılıp u`yretiledi. Sebebi, bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshları bar tu`rdegi grammatikalıq formada kelip, bas ga`pke baylanısqanda ha`rqıylı ma`ni an`latıwı mu`mkin.

Usınday ta`replerin oqıwshı qalay tu`sinip aladı? Oqıwshıg`a qanday usıllar menen tu`sindiriw kerek? Bul mug`allimnin` is-ta`jiriybesine baylanıslı. A`sirese, bunday grammatikalıq formalar menen baylanısqan jay ga`plerdin` ma`nilik belgileri mısallar ja`rdeminde, ondag`ı formalardı salıstırıwlar arqalı anıqlanadı.

hal feyildin` **ıp-ip-p, a-e-y** ha`m **g`ansha-genshe**, sonday-aq sha`rt meyildin` **sa** formaları menen baylanısıp kelgen jay ga`pler ha`rqıylı bag`ının`qılı qospa ga`p dizbegin du`zedi.

K.D.Ushinskiy salıstırmalılıq haqqında bılay deydi: Du`n`yadag`ı barlıq zatlardın` belgilerin bir-birine salıstırıw menen bile alamız. Eger olardı

salıstırmasaq zatlardın` ayırmashılıg`ı, bir-birinen o`zgesheligi bilinbey qaladı ha`m ol haqqında belgili tu`sinikke iye bola almaymız.

Waqıt bag`ının`qılı qospa ga`p ushın eki tu`rli shınıg`ıw o`tkeriwge boladı: Shınıg`ıwdan waqıt bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bayanlawıshlarının` qanday formalarda kelgenin anıqlaw, berilgen tekstten waqıt bag`ının`qılı qospa ga`plerdi tabıw kerek. Sonlıqtan bunday shınıg`ıwlarg`a qosımsha mınaday a`meliy jumıslar orınlanıwı tiyis:

1.Mezgilles ma`nini bildiretug`ın dizbekli qospa ga`pti waqıt bag`ının`qılı qospa ga`pke aylandırıw.

2.Waqıt pısıqlawıshlı jay ga`pti waqıt bag`ının`qılı qospa ga`p penen salıstırıw.

3.Waqıt bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bayanlawısh formaların aytıp, mısallar keltiriw.

4.Berilgen ga`pler ja`rdeminde waqıt bag`ının`qılı qospa ga`pler du`ziw.

5.Do`retiwshilik jazba jumıslarda waqıt bag`ının`qılı qospa ga`plerdi ko`birek paydalanıw ha`m t.b.

Bunday a`meliy jumıslardan basqa oqıwshılar menen estafeta oyının o`tkeriwge boladı. Bul oyında klass taxtası u`shke bo`linip taxtag`a u`sh oqıwshı shıg`arıladı.

Olarg`a to`mendegidey tapsırmalar beriledi: Bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshına hal feyil, kelbetlik feyil ha`m sha`rt meyil formaların keltirip ga`p du`ziw. Qaysı okıwshı feyil formaları menen waqıt bag`ının`qılı qospa ga`pti tolıq ha`m anıq du`zse, ol bahanaladı.

Oqıwshılardın` du`zgen ga`plerin oqıwshılar ha`m mug`allim talqılap, olardın` durıslıg`ı anıqlanadı. Sonday-aq, bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawısh formaları ko`mekshi so`zler ha`m qatnaslıq so`zler arqalı dizbeklesip keliwine de ga`pler du`zdiriledi.

## SEBEP BAG`ININ`QILI QOSPA GA`PLERDI OQITIW

Sebep bag`ının`qılı qospa ga`p tuwralı beriletug`ın teoriyalıq bilimdi sebep pısıqlawıshlı ga`p penen ha`m mezgilles dizbekli qospa ga`p arqalı salıstırıp tu`sindiriw na`tiyjesinde oqıwshılar o`tilgen tema boyınsha tolıq mag`lıwmatqa iye boladı.

Bunday jag`dayda sebep pısıqlawıshlı jay ga`p ha`m mezgilles dizbekli qospa ga`pler boyınsha alg`an bilimler eske tu`siriledi, sol arqalı o`tiletug`ın jan`a material an`sat o`zlestiriledi, qospa ga`plerdin` bir-birinen o`zgeshelikleri anıqlanadı.

Sebep bag`ının`qılı qospa ga`p temasın oqıtıwdan aldın sebep pısıqlawıshlı jay ga`ptin` ma`nisi menen forması, sebep dizbekli qospa ga`ptin` ma`nisi ha`m bayanlawıshlıq forması, komponentlerinin` baylanısıw usılları boyınsha bilim ta`kirarlanıp barıladı.

Oqıwshılardın` sebep pısıqlawısh penen sebep dizbekli qospa ga`p boyınsha bilimleri juwmaqlang`anda, olardın` dıqqatı sol ga`plerdin` o`zine ta`n belgilerine awdarıladı.

Bunnan keyin sebep bag`ının`qılı qospa ga`pti sebep pısıqlawıshı menen sebep dizbekli qospa ga`plerdi salıstırıp tu`sindiriwde ko`rsetpeli qural tayarlanadı. Mısalı:

| Sebep pısıqlawıshlı jay ga`p | Sebep dizbekli qospa ga`p | Sebep bag`ının`qılı qospa ga`p |
|---|---|---|
| **Uyalg`anınan** Aygu`ldin` beti qızarıp ketti. (A.A`liyev). | Aygu`l uyaldı, **sonlıqtan** eki beti qızarıp ketti. | Aygul **uyalg`an son`**, eki beti qızarıp ketti. |

Ko`rsetpe quraldag`ı ga`pler tallanıp is-ha`rekettin` qalay orınlanıw sebebin bildiretug`ın so`zlerdin` qanday formalarda qollanılg`anı tu`sindiriledi, is-ha`rekettin` orınlanıwındag`ı belgiler atalıp o`tiledi:

1.Sebep pısıqlawıshı sebep dizbekli qospa ga`p ha`m sebep bag`ının`qılı qospa ga`p, sebeplik ma`n`ini bildiredi.

2.Sebepti bildiretug`ın sebep pısıqlawısh penen sebep dizbekli qospa ga`p ha`m sebep bag`ının`qılı qospa ga`p birdey sorawg`a juwap beredi.

3.Geyde sebep bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bayanlawıshı jay ga`ptegi sebep pısıqlawıshtın` formasına uqsas boladı.

Bulardın` ha`r qaysısının` o`zine ta`n o`zgeshelikleri bar. Ma`selen, sebep pısıqlawıshı is-ha`rekettin` sebebin bildirip, barıs, shıg`ıs seplikleri menen jasaladı. Al sebep dizbekli qospa ga`p ha`rekettin` sebebin bildiredi, onın` jay ga`rleri intonatsiya yaki qosımtalar arqalı baylanısadı.

Sebep bag`ının`qılı qospa ga`p is-ha`rekettin` sebebin bildirip, ondag`ı jay ga`pler feyil formaları ha`m **ushın** tirkewishi menen baylanısadı. Sebep bag`ının`qılı qospa ga`p boyınsha teoriyalıq bilimdi bekkemlewde to`mendegidey a`meliy jumıslar orınlanadı:

1.Sebep pısıqlawıshlı jay ga`pti sebep bag`ının`qılı qospa ga`pke aylandırıw;

2.Sebep bag`ının`qılı qospa ga`pti jay ga`pke aylandırıw;

3.Sebep dizbekli qospa ga`pti sebep bag`ının`qılı qospa ga`pke aylandırıw;

4.Berilgen so`zdi sebep bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bayanlawıshına aylandırıw;

5.Bir sebep bag`ının`qı ga`pti ha`r tu`rli formada sebep bag`ının`qılı qospa etip ga`p du`ziw;

6.Sebep bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bayanlawısh formalarının` sxemasın du`ziw;

7.Berilgen ga`plerden sebep bag`ının`qılı qospa ga`ptin` ma`nilik belgilerin anıqlaw;

8.Sebep bag`ının`qılı qospa ga`p bayanlawıshının` barlıq tu`rin o`z ishine alatug`ın temada shıg`arma jazıw ha`m t.b.

Usınday jumıslar orınlanıwdan oqıwshılardın` do`retiwshilik jumıs islew uqıbı qa`liplesip, ga`p du`ziwi, onı sawatlı jazıwı, oylaw qa`biletligi joqarı da`rejede boladı.

Okıwshılardın` sebep bag`ının`qılı qospa ga`plerdi basqa bag`ının`qılı qospa ga`plerden durıs ayırıp alıwında qıylanbawı ushın to`mendegidey mısallar salıstırıladı.

| **-g`anday** formalı sebep bag`ının`qılı qospa ga`p | **-g`anday** formalı sın bag`ının`qılı qospa ga`p | **-g`anday** formalı salıstırmalı bag`ının`qılı qospa ga`p |
|---|---|---|
| Onın` wa`siyatı menen shaqırıg`ı ha`mmege ma`det **bolg`anday**, istin` pa`ti jan`adan gu`jiy basladı. (A.Bekimbetov). | Keshke qaray ko`ktin` qubla jiyegin ot **alg`anday**, qızg`ısh qara tu`tin qaplap ketti. (A.Bekimbetov). | Ku`n jerdin` ıg`alın sorıp **alg`anday**, tın` jerler ku`shimizdi sorıp alg`anday. (T.Qayıpbergenov). |

Oqıwshılarg`a sebep bag`ının`qılı qospa ga`pti analiz-sintez usılda tu`sindirgende oqıwshılar o`tilgen materialdı an`sat o`zlestiredi.

Berilgen mısallardan sebep bag`ının`qılı qospa ga`ptegi bayanlawısh formalardı, bag`ındırıwshı da`nekerlerdi, janapay menen tirkewishlerdi analizlew arqalı jaqsı biliwge erisedi.

Sebep bag`ının`qılı qospa ga`pke ta`n o`zgeshelik belgilerdi, onın` basqa bag`ının`qılı qospa ga`plerden ayırmashılıg`ın tu`sindiriwde salıstırmalılıq usılı jaqsı ja`rdem beredi. Mısalı:

| **-sa** formalı sebep bag`ının`qılı qospa ga`p | **-sa** formalı waqıt bag`ının`qılı qospa ga`p | **-sa** formalı sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`p |
|---|---|---|
| Onın` ju`zi **jaynasa**, Da`wlet qızarıp saladı. (O`.Ayjanov). | **Aksina Tashkentten** qaytıp <u>kelse,</u> eri Doshannan xat kelgen. (O`.Ayjanov). | **Go`ne qudıqtı teren` qazbasa**, taza suw shıqpaydı. (O`.Xojaniyazov). |

Jan`a materialdı oqıwshılardın` qalay o`zlestirgenin anıqlawda mınaday sorawlar berilip, awızsha juwaplar alınadı.

1.Sebep bag`ının`qılı qospa ga`pti du`ziwde qanday formalar qollanıladı?

2.Sebep bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı qanday so`zler menen bildiriledi?

3.Sebep bag`ının`qılı qospa ga`p basqa bag`ının`qılı qospa ga`plerden qalay o`zgeshelenedi?

4.Sebep bag`ının`qılı qospa ga`ptin` ma`nileri qalay anıqlanadı?

Salıstırmalı, ko`rsetpelilik xa`m soraw-juwaplar arqalı tema tu`sindirilgennen keyin oqıwshılarg`a o`z betinshe jumıs islew ushın tapsırmalar beriledi.

Sabaqlıqta berilgen shınıg`ıwlardı yamasa tekstti okıp yamasa jazıp, ondag`ı sebep bag`ının`qılı qospa ga`ptin` tiykarg`ı belgilerin anıqlaw jumısı alıp barıladı.

O`tilgen temanı bekkemlew maqsetinde oqıwshılardın` zerikpewi ushın oyın sho`lkemlestiriledi. bul oyın ha`r qıylı formada o`tkeriledi.

Ma`selen: estafeta oyını bolıp, bunda u`sh oqıwshı taxtag`a shıg`ıp, **sa-se** sha`rt meyilinen bolgan u`sh tu`rli bag`ının`qılı qospa ga`p du`ziw belgilenedi, ol ushın 5-7- minut waqıt beriledi.

Eger u`sh oqıwshı ga`p du`ze almasa, klastag`ı oqıwshılar ja`rdemlesedi, ja`rdem bergen oqıwshılar bahalanadı, oqıwshılar bir-biri menen jarısadı ha`m bag`ının`qılı qospa ga`p du`ziwdin` jolların bilip aladı.

Sebep bag`ının`qılı qospa ga`plerdin` tiykarg`ı belgilerin biliw basqa bag`ının`qılı qospa ga`plerdin` belgilerin anıqlawdan biraz qıyın. Sol ushın oqıwshılardın` o`z betinshe jumıs islewlerine tapsırmalardı ko`birek beriw kerek.

## MAQSET BAG`ININ`QILI QOSPA GA`PLERDI OQITIW

Maqset bag`ının`qılı qospa ga`pti oqıwshılarg`a u`yretiwde ol maqset pısıqlawıshı menen salıstırılıp tu`sindiriledi. Bulardı bir biri menen salıstırıwda da`slep maqset pısıqlawısh tuwralı materialdı eske tu`siriwge tuwra keledi.

Ol ushın oqıwshılarg`a mınaday sorawlar berilip, juwaplar alınadı:

1.Maqset pısıqlawıshı degen ne?

2.Maqset pısıqlawıshının` qanday belgilerin bilesiz?

3.Maqset pısıqlawıshtın` ma`nisi nenii bildiredi?

4.Maqset pısıqlawıshı qanday so`z shaqaplarınan boladı?

Oqıwshılar usı sorawlarg`a tolıq juwap bere almasa, bul tuwralı mag`lıwmatlar qısqa tu`rde aytıladı.

Maqset bag`ının`qılı qospa ga`p penen maqset pısıqlawıshının` o`zgesheliklerin u`yretiwde sabaqta mınıday tablitsa paydalanıladı:

| Maqset pısıqlawıshlı jay ga`pler | Maqset bag`ının`qılı qospa ga`pler |
|---|---|
| 1.<u>Sen ushın</u> baqsha bu`lbili sulıw tu`rde sayrag`an.<br>(X.Saparov). | 1.Na`wbetshi sezip <u>qalmaw</u> ushın, biz saydın` ishi menen en`beklep ju`rdik.<br>(A.Bekimbetov). |
| 2.Diyxanshılıqtın` o`nimin arttırıw **maqsetinde** agrotexnikalıq sharalar qollanıladı. (gazetadan).<br>3.**Arnawlı** tu`rde sizge keldim.<br>(A`miwda`r`ya). | 2.At tuyag`ının` sesti <u>**esitilmesin**</u> dep, bular awıldın` ıg`ına qaray ju`rdi.<br>(T.Qayıpbergenov). |

Tablitsadag`ı ga`plerdin` du`zilisin, ma`nilerin anıqlaw, etiledi. Maqset pısıqlawıshının` tiykarg`ı belgileri tu`sindirilip, maqset bag`ının`qılı qospa ga`pten o`zgesheligi aytılg`an son`, oqıwshılar maqset pısıqlawıshının` to`mendegidey belgileri bar ekenin biledi:

1.Maqset pısıqlawıshı bayanlawıshtı anıqlap keledi yag`nıy is-ha`rekettin` qanday maqsette orınlang`annan anıqlaydı;

2.Maqset pısıqlawıshı ra`wish, feyil so`zler ha`m ko`mekshi so`zler arqalı jasaladı;

3.Maqset pısıqlawıshının` mınaday sorawları bar: Ne ushın? Ne maqset penen?

Sonday-aq maqset bag`ının`qılı qospa ga`ptin` mınaday belgilerge iye bolatug`ınlıg`ı eskertiledi:

1.Bag`ının`qı ga`p bas ga`ptegi is-harekettin` orınlanıw maqsetin bildiredi;

2.Bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı ha`r qıylı feyil formalarınan ha`m **ushın** tikeriwishinen boladı;

3.Maqset bag`ının`qılı qospa ga`p o`z baslawıshına, o`z bayanlawıshına iye boladı;

4.Maqset bag`ının`qılı qospa ga`ptin` Ne ushın? Ne maqset penen degen sorawları bar.

Maqset pısıqlawıshı menen maqset bag`ının`qılı qospa ga`ptin` usınday o`zlerine ılayıq belgileri bar ekenligi tu`sindirilgennen keyin, bulardın` to`mendegidey belgileri bar ekenligi aytıladı:

1.Ekewi de is-ha`rekettin` orınlanıw maqsetin bildiredi.

2.Ekewi de bir-birine sa`ykes sorawlarg`a juwap beredi.

3.Ekewi de **ushın** tirkewishi arqalı bildiriledi.

Oqıwshılardın` maqset pısıqlawısh penen maqset bag`ının`qılı qospa ga`pti bir-birine shatastırmay bilip alaıwları ushın ha`r birinin` tiykargı belgilerin mısallar arqalı tu`sindiriwge boladı.

A`sirese, bul eki temanın` ayırmashılıqların tolıq u`yretiwde ko`rsetpeli qurallardan paydalanılsa jaqsı na`tiyje beredi. Ma`selen:

| Maqset pısıqlawıshı | | Maqset bag`ının`qılı qospa ga`p | |
|---|---|---|---|
| Mısallar | Jasalıw jolları | Mısallar | Bayanlawısh formaları |
| 1.Sen <u>ushın</u> malım da, janımda sadag`a (A`miwda`r`ya)<br><br>2.U`lgeriw niyeti menen asıg`ıp atır. (A`miwda`r`ya)<br><br>3.Bilqastan islep otırg`anı usı shıg`ar. (A`.Atajanov). | Ushın tirkewishi arqalı<br><br>**Niyeti menen** so`zi arqalı<br><br>Ra`wish so`zi arqalı<br><br>Hal feyil formalq arqalı | Sepken tuxım tez **o`niw ushın**, seber aldında tuxımdı suwlap alamız. (a`muda`r`ya)<br><br>Izleniwshiler **ko`rmesin dep,** bizler jasırına basladıq. (Sh.Seytov). | Hal feyil forması ha`m **ushın** tirkewishi<br><br>Sha`rt meyil forması **dep** ko`mekshi feyili |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 4.Men Sizge ba`rin aytıp beriwge keldim. (G`.Seytnazarov). | | | |

Ko`rsetpe quralda maqset pısıqlawıshı menen maqset bag`ının`qılı qospa ga`ptin` jasalıw jolların, olardın` belgilerin anıqlaytug`ın faktler berilgen. Usı mısallardı tallaw arqalı bul eki temanın` bir-birinen ayırmashılıg`ı u`yretiledi. Ha`r qanday temag`a tayarlang`an tablitsa yamasa ko`rsetpeli kuraldı qaysı klassta, qalay etip paydalanıw mug`allimnin` is-ta`jiriybesine baylanıslı.

Bazda oqıwshılar maqset bag`ının`qılı qospa ga`p penen sebep bag`ının`qılı qospa ga`pti ayıra almay shatasadı.

Bunday aljasıqlardı boldırmaw ushın salıstırmalı usıl paydalanılıp material tu`sindirilse, oqıwshılar ha`r bir bag`ının`qılı qospa ga`plerdi bir-birinen ayırıp tu`siniwge, tiykarg`ı belgilerdi anıq biliwge erisedi.

Salıstırmalı usılg`a to`mendegidey ga`pler tan`lap alınadı:

| **-dep** ko`mekshi feyili menen kelgen maqset bag`ının`qılı qospa ga`p | **-dep** ko`mekshi feyili menen kelgen sebep bag`ının`kılı qospa ga`p | **-dep** ko`mekshi feyili menen kelgen sın bag`ının`qılı qospa ga`p |
|---|---|---|
| Qasımdag`ılar bul ha`reketimdi sezip **qoymasın dep**, sır bermewge tırısaman. (A`.Qarlıbaev). | Jaw qolında jalg`ız ag`am <u>o`ldi dep</u>, esten ketip jer qushaqlap jıladı. (Bozg`ulan). | Tu`sirip atırg`an pa`rlerdin` ornına jan`adan pa`rler **<u>shıg`adı</u> dep**, ol tınıshlandırıptı (ertek). |

.

Maqset bag`ının`qılı qospa ga`pler tuwralı oqıwshılardın` teoriyalıq bilim ha`m a`meliy ko`nlikpe alıwında kespe qag`azlar menen do`retiwshilik jumıs isletiw na`tiyjeli bolıp tabıladı.

Ol ushın to`mendegidey kespe qag`azlar tayarlanadı:

**1-Kespe qag`az**

Maqset bag`ının`qılı qospa ga`plerdi qanday grammatikalıq formalar du`zedi? Mısallar menen aytın`.

**2-Kespe qag`az**

**Dep** ko`mekshi feyili menen du`zilgen maqset bag`ının`qılı qospa ga`pke mısallar keltirin`.

**3-Kespe qag`az**

Berilgen ga`ptegi maqset bag`ının`qılı qospa ga`p formaların anıqlan`.

Az bilimim o`mirge o`ris <u>bolar ma dep</u>, ko`zdi jumıp oqıg`an edim. (O`.Ayjanov).

**4-Kespe qag`az**

Bizler sag`an <u>erisiw ushın</u>, ba`rimiz de jarısqa shaqıramız (Sh.Saparov).

Ga`ptegi **ushın** tirkewishinin` xızmetin aytıp berin`.

Bulardan basqa oqıwshılarg`a o`tilgen tema boyınsha to`mendegidey sorawlar berilip juwaplar alınadı:

1.**Ushın** tirkeriwishi menen **dep** ko`mekshi feyili maqset bag`ının`qılı ga`pte qanday xızmet atqaradı?

2.Maqset bag`ının`qılı qospa ga`p sebep bag`ının`qılı qospa ga`pten qalay o`zgeshelenedi?

3.Bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı ko`binese qaysı feyil formalarınan boladı?

4.Maqset bag`ının`qılı qospa ga`p qanday sorawlarg`a juwap beredi?

Oqıwshılarg`a maqset bag`ının`qılı qospa ga`plerge baylanıslı tu`sinik, bilim beriwde mınaday a`melli jumıslardı orınlaw tapsırıladı:

1.Tekstten maqset bag`ının`qılı qospa ga`pti tawıp, ondag`ı grammatikalıq formalardı anıqlaw;

2.Maqset bag`ının`qılı qospa ga`plerdin` ekinshi komponentin oylap tabıw;

3.Maqset bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bayanlawısh formaların sxema arqalı ko`rsetiw;

4.Maqset pısıqlawıshlı ga`p penen maqset bag`ının`qılı qospa ga`pti salıstırıw, olardın` belgilerin aytıw:

5.Bayanlawısh formaları birdey maqset ha`m sebep bag`ının`qılı qospa ga`plerdi salıstırıp, olardın` belgilerin aytkızıw xa`m t.b.

Maqset bag`ının`qılı qospa ga`p u`yretilip bolıng`an son` bul tema boyınsha bilimdi anıqlawda ha`r tu`rli shınıg`ıw jumısları, diktant, bayan ha`m shıg`arma jazdırıladı.

## ShA`RT BAG`ININ`QILI QOSPA GA`PLERDI OQITIW

Sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`pler erteden qa`liplesken da`slepki qospa ga`plerden bolıp esaplanadı, onın` ma`nisi menen forması basqa bag`ının`qılı qospa ga`plerden o`zgeshe.

Sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`plerdi oqıwshılarg`a u`yretiwde, onı ha`r ta`repleme tu`sindiriwde ko`rsetpeli kural yamasa tablitsa paydalanıladı. Tablitsadag`ı ga`pler tallanıw arqalı sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`ptin` ma`n`isi, onın` an`latılıwı, bag`ının`qı komponenttin` qanday sorawg`a juwap beriwi, bag`ının`qı ga`p bayanlawıshının` qanday formada keletug`ınlıg`ı ken` tu`rde bayanlanadı. Sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`ptin` belgileri, okıwshılarg`a aytılsa, olar bul haqkında mınaday bilim ha`m tu`sinik aladı:

1.Sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bag`ının`qı ga`pi bas ga`ptegi is-ha`rekettin` orınlanıw sha`rtin bildiredi,

2.Bag`ının`qılı qospa ga`p qalay etse? degen sorawg`a juwap beredi.

3.Bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı sha`rt meyilden boladı.

Bayanlawıshı sha`rt meyilden bolg`an bag`ının`qı ga`pler sha`rtlik ma`nini bildirmesten, sha`rt meyil formasındag`ı bag`ının`kı ga`pler qarsılaslıq ma`nini bildiriwi mu`mkin.

Bul tema gu`rrin`, bayanlaw usıllarında tu`sindirgende oqıwshılar tolıq bilim ha`m tu`sinik alıwg`a erisedi. Sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`p tuwralı bilim anıq

berilse, onın` ma`nisi, belgileri boyınsha oqıwshıda bilim ko`nlikpesi payda boladı.

Sha`rt meyildin-**sa** forması tek sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`pti du`zbesten, bag`ının`qılı qospa ga`ptin` ko`pshilik tu`rlerin de du`ze aladı.

-**Sa** formalı sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`p-**sa** formalı waqıt, salıstırmalı, sebep ha`m qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`plerge uqsas bolg`an menen du`zilisi, ma`nilik qatnası jag`ınan o`zgeshelenedi.

Sonlıqtan oqıwshılar sha`rt meyildin` –**sa** formalı bag`ının`qılı qospa ga`plerdin` o`zgesheliklerin tolıq ayıra almay ko`p kıynaladı. Oqıwshılardın` aljaspawı xa`m qıynalmawı ushın sha`rt meyildin`-**sa** forması menen du`zilgen ga`pler keltirilip, olar salıstırılıp tu`sindiriledi.

Ma`selen:

| -**Sa** formalı waqıt bag`ının`qılı qospa ga`p | -**Sa** formalı salıstırmalı bag`ının`qılı qospa ga`p | -**Sa** formalı sebep bag`ının`qılı qospa ga`p | -**Sa** formalı qarlılas bag`ının`qılı qospa ga`p |
|---|---|---|---|
| Atamurat u`yine **kelse**, qonaqlardın` ha`mmesi uyıqlap qalg`an eken. (T.Qayıpbergenov). | Irısqını sen xalıqtan **alsan`**, men ko`lden alaman. (K.Sultanov). | Shana sa`l ten`selip **ketse**, ol ın`ırsıp qoyadı. (O`.Ayjanov). | Men so`zdin` boların **aytsam**, sen teris qaraysan`. (S.Xojaniyazov). |

Sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bayanlawıshı bet bildiretug`ın feyil menen janapaydın` dizbeginen bolg`anda ol sebep bag`ının`qılı qospa ga`pke uqsas bolg`an menen ma`nilik qatnasları arqalı ayırıladı. Sha`rt ha`m sebep bag`ının`qılı qospa ga`pler usınday bir-birine uqsas bolg`an menen ma`nilik qatnasları boyınsha o`zgeshelenetug`ınına mısallar keltirilip olar salıstırılsa, oqıwshılar bul haqqında ken` tu`sinikke iye boladı.

Mısalı: 1.Da`r`yanın` jag`ası tik jer **boldıma**, onda astı teren` boladı (K.Ma`mbetov). (Sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`p).

2.Anasının` qolınan jılısıp samarg`a bir jeri **tiydi** me, bala shır etip jıladı (T.Qayıpbergenov). (Sebep bag`ının`qılı qospa ga`p).

Sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bayanlawıshı kelbetlik feyil, xal feyillerden bolg`anda is-ha`rekettin` isleniw sha`rti bildiriledi. Kelbetlik feyil ha`m hal feyilden bolgan sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`pler basqa bag`ının`qılı qospa ga`plerge qurılısı boyınsha uqsas bolsa ma`nilik jaqtan o`zgeshe.

Ha`r bir bag`ının`qılı qospa ga`plerdin` o`zgeshelikleri mısallar, salıstırıw arqalı anıqlanadı. Sonlıqtan bag`ının`qılı qospa ga`plerdin` belgilerin, ma`nilerin anıqlaytug`ın mınaday ga`pler oqıwshılarg`a beriledi.

Mısalı:

| -**g`ansha** formalı sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`p | **g`ansha** formalı waqıt bag`ının`qılı qospa ga`p | **g`ansha** formalı salıstırmalı bag`ının`qılı qospa ga`p |
|---|---|---|
| O`zi **so`ylemegenshe**, | Xang`a qarsı ko`rsetilgen | A`ken` murap |

| | | |
|---|---|---|
| men so`ylemeymen (Bozug`lan da`stanınan) | xojelishilerdin` atlanısı bir ja`nkilli **bolg`ansha**, Sapura ul kiyimin taslag`an joq. (K.Sultanov) | **bolg`ansha**, jerin` oy bolsın (Naqıl). |

Sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`plerdi u`yretiwde basqa da bag`ının`qılı qospa ga`plerdin` du`zilisin, ma`nilik belgilerin ga`pler arqalı ayırıwg`a dıqqat awdarıladı.

Sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`pti oqıwshılardın` o`zlestirip alıwında kespe qag`azlar, shınıg`ıw ha`m do`retiwshilik diktantlar jazdırıw na`tiyje beredi.

Bular menen birge a`meliy qosımsha mınaday jumıslar tapsırıladı:

1.Sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`pke arnalg`an jazba jumıs o`tkeriw;

2.Sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`pti tekstten tawıp, irkilis belgisin qoyıw;

3.Bag`ının`qı komponentke sorawlar qoyıw;

4.Sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`pti tolıq tu`rde tallaw;

5.Sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`pti jay ga`pke aylandırıw;

6.Berilgen bas ga`ptin` bag`ının`qı ga`pin tawıp, sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`p du`ziw;

7.Sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`pke sa`ykes naqıl-maqallar tabıw;

8.A`debiy shıg`armalardan sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`plerdi tabıw ha`m t.b.

Oqıwshılarg`a u`yretiletug`ın teoriyalıq material mısallar ja`rdeminde tu`sindirilse, oqıwshılar anıqlama menen qag`ıydalardı yadlamay, onın` ma`nisin teren` tu`sinip, og`an o`zinshe tallaw jasawg`a, shınıg`ıwlar menen tapsırmalardı do`retiwshilik penen orınlawg`a, pikir ju`rgiziwge erisedi.

## QARSILAS BAG`ININQILI QOSPA GA`PLERDI OQITIW

Qarlısas bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bag`ının`qı ga`pinin` bayanlawıshı xızmetinde sha`rt meyil, kelbetlik feyil, atawısh feyil, hal feyiller menen anıqlıq ha`m buyrıq meyiller keledi.

**Sa** formalı qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`p du`zilisi boyınsha salıstırmalı bag`ının`qılı qospa ga`pke jaqın bolsa da, ma`nilik qatnasına qaray o`zgeshelenedi.

Bul ga`plerdin` bir-birinen parqın anıqlawda mınaday mısallar tan`lap alınadı:

| -sa formalı qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`p | **-sa** formalı salıstırmalı bag`ının`qılı qospa ga`p |
|---|---|
| Esigin`izde ju`reginimdi siz **bilmesen`iz**, jurt biledi. (Sh.Seytov). | Siz ol jaqta teren`nen ondı alsan`, biz bunda ju`zdi, mın`dı aldıq. (O`.Ayjanov). |

Qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`p-**sa** formalı ha`m **da** da`nekerinen du`zilgende sebep bag`ının`qılı qospa ga`pke uqsas bolsa da, ma`nilik belgilerinen o`zgeshelenetug`ınlıg`ı mısallar ja`rdeminde u`yretiledi:

1.Olar bar ku`shin salıp qansha **tartsa** da, qarmaq qozg`almadı (qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`p).

2.Tosınnan iyt **u`rse de**, ol shorshıp ketedi. (Sebep bag`ının`qılı qospa ga`p).

Sonday-aq –**g`an+sayın** formalı qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`p usı tu`rdegi waqıt, sebep, sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`plerge uqsas bolıp biraq ma`nilik qatnasları jag`ınan ayırılıp turatugının oqıwshılar sezbey qaladı.

Olardın` bag`ının`qılı qospa ga`plerdegi uqsaslıqlardı bilip alıwı, aljaspawları ushın mınıday mısallar menen salıstırıw kerek:

| **-g`an+sayın** formalı qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`p | **-g`an+sayın** formalı waqıt bag`ının`qılı qospa ga`p | **-g`an+sayın** formalı sebep bagının`qılı qospa ga`p | **-g`an+sayın** formalı sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`p |
|---|---|---|---|
| Ag`am bul ga`pti biykarlag`an **sayın**, adamlardın` qızıg`ıwshılıg`ı ku`sheyedi. (A.A`liyev). | Ol ha`r ku`ni keshte kelgen **sayın**, bir-birimizge sorawlı tu`rde qarasamız. (G`.Seytnazarov). | Sıng`an su`yektin` awırg`anı ku`sheygen **sayın**, Gu`limbet shıdamadı. (J.Aymurzaev). | Onın` birligi o`sken **sayın,** bilimi de o`sedi. (S.Xojaniyazov). |

Qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`p kelbetlik feyil, hal feyillerden du`zilgende formalıq jaqtan basqa bag`ının`qılı qospa ga`plerge uqsas bolıp keliwleri ko`plep ushırasadı. Bunday qospa ga`pler uqsas bolgan menen olar ma`nilik qatnasları jag`ınan o`zgeshelenedi, olardın` tiykarg`ı belgileri, du`zilisi grammatikalıq jaqtan tallanadı.

Teoriyalıq bilim ha`m a`meliy ko`nlikpe beriliw na`tiyjesinde qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`ptin` belgilerin, basqa bag`ının`qılı qospa ga`pten o`zgesheligin oqıwshılar tolıq tu`sinedi.

Qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`p penen qarsılas dizbekli qospa ga`p bılayınsha salıstırılıp u`yretiledi.

| Qarsılas dizbekli qospa ga`p | Qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`p |
|---|---|
| 1.Gulay almayman **dep edi**, ol onın` qaltasına saldı. (Sh.Seytov).<br><br>2.Shıjg`ırg`an ıssı, lekin awıl arası tım-tırıs. (A.A`liyev). | 1.A`bdimurat bir na`rse aytayın dese, ol awzın julıp alg`anday etedi. (A`miwda`r`ya).<br>2.Tamshı tamıp, jawın bolmas (Naqıl). |

Qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bayanlawısh formaların este saqlap, onın` ma`nilik ayırmashılıg`ın anıqlawda qarsılas bag`ının`qlı qospa ga`ptin` bayanlawıshın tu`rli forma keltirip u`yretiwge boladı.

Ma`selen:

Minezi qatan` **bolg`an menen**, ol a`dil adam edi.

Minezi **qatan` bolsa da**, ol a`dil adam edi.

Minezinin` **qatan`lıg`ı** bolmasa, ol a`dil adam edi.

Sha`rt meyil formalarındag`ı qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`pti sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`pke shatastırmawg`a mısallar alınıp tallanadı.

Solay etip, qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`ptin` ma`nisi, forması, jasalıw usılları tu`sindirilgen son` o`zine ta`n o`zgeshelikleri aytıladı:

1.Komponentlerinin` ma`nileri qarama-qarsı boladı,

2.Bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawısh formaları ha`r tu`rli boladı.

3.Qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`ptin` o`zine ta`n sorawları boladı,

4.Qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`ptegi jay ga`pler irkilis belgileri menen ayırıladı,

Qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`p boyınsha berilgen teoriyalıq bilim menen a`meliy ko`nlikpeni bekkemlewde mınaday a`meliy jumısları orınlanadı.

1.Berilgen jay ga`plerden qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`p du`ziw,

2.Qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`pti jay ga`plerge aylandırıw,

3.Qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`pti qarsılas dizbekli qospa ga`pke aylandırıw,

4.Bulardı salıstırıp, ha`r birinin` belgilerin ayttırıw,

5.Qarsılas dizbekli qospa ga`pti qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`pke aylandırıw,

6.Qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bayanlawısh formaların sxema menen ko`rsetiw,

7.Bayanlawıshı sha`rt meyilden bolg`an qarsılas ha`m sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`plerdin` ayırmıshalıg`ın tu`sindiriw,

8.Qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`p tiykarında diktant, bayan ha`m shıg`arma jazıw.

Qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`pke baylanıslı teoriyalıq bilim, a`meliy ko`nlikpe beriwde soraw-juwap, ko`rsetpelilik ha`m salıstırıw usıllarınan paydalanıladı, Sonda oqıwshılar u`yreniletug`ın materialdı teren` ha`m sanalı o`zlestirip alıwg`a erisedi.

Okıwshılardın` qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`pten algan teoriyalıq bilimi menen tu`sinigin bekkemlewde ha`m tekseriwde mınaday sorawlar paydalanıladı:

1.Qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`p qalay du`ziledi?

2.Qarsılas ma`ni qalay bildiriledi?

3.Qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`p qanday belgilerge iye boladı?

4.Qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`p basqa bag`ının`qılı qospa ga`plerden qalay o`zgeshelenedi?

5.Qarsılas bag`ının`qılı qospa ga`ptin` qarsılas dizbekli qospa ga`pten o`zgesheligi nede?

juwmaq

Bag`ının`qılı qospa ga`plerdi oqıtıwda ko`binese ko`rsetpeli, salıstırmalı usıllar a`hmiyetli. Sebebi, bag`ının`qılı qospa ga`plerdin` biri ekinshisine

salıstırılıp tu`sindirilgende, olardın` bir-birine uqsas emesligi, ayırmashılıg`ı belgili boladı.

Bag`ının`qılı qospa ga`plerdi oqıtıw to`mendegi maqsetlerge tiykarlanadı:

1.Bag`ının`qılı qospa ga`ptegi jay ga`plerdin` baylanısıw usılların salıstırıwlar arqalı u`yretiw.

2.Bag`ının`qılı qospa ga`ptegi jay ga`plerdin` ma`nilik belgilerin, orın ta`rtibin salıstırıw arqalı anıqlaw.

3.Bag`ının`qılı qospa ga`p penen dizbekli qospa ga`plerdegi jay ga`plerdin` bir-birinen o`zgesheligin belgilew.

Bag`ının`qılı qospa ga`plerdi okıtıwda mına wazıypalar belgilenip alınadı:

1.Oqıwshılardın` bag`ının`qılı qospa ga`pler boyınsha teoriyalıq bilimge iye bolıwın ta`miyinlew.

2.Bag`ının`qılı qospa ga`pler boyınsha okıwshılardın` algan bilimlerin sistemalastırıw,

3.Oqıwshılardın` bag`ının`qılı qospa ga`pler haqqındag`ı bilimin bekkemlew maqsetinde ha`rqıylı a`meliy jumıslar o`tkeriw,

4.Bul boyınsha sorawlar tayarlanıp, og`an juwap alıw,

5.Oqıwshılardı diktant, kishi ko`lemdegi bayan ha`m shıg`arma jazıwg`a u`yretiw ha`m t.b.

Bag`ının`qılı qospa ga`plerdin` ma`nilik tu`rlerin ko`rsetpeli kurallar menen u`yretiwge boladı. Bul ushın ha`r bir bag`ının`qılı qospa ga`ptegi is-ha`rekettin` orınlanıw barısı bul ga`pti du`ziwde grammatikalıq formanın` xızmeti mısallar menen da`liyllenedi.

Bag`ının`qılı qospa ga`ptin` ma`nilik tu`rlerin ko`binese tablitsa ha`m sxema arqalı tu`sindiriw jaqsı na`tiyje beredi. Usı temanı ko`rsetpeli kural ja`rdeminde oqıtıw barısında da ha`rbir grammatikalıq belgi, ma`nilik qatnaslar anıqlanıp, sol boyınsha oqıwshı o`tilgen materialdı an`sat o`zlestirip, onın` belgilerin bilip aladı.

Ulıwma alg`anda bag`ının`qılı qospa ga`plerdi oqıtıw ha`m u`yretiw barısında salıstırmalı, ko`rsetpeli ha`m tu`sindiriw usılları paydalı. Usınday usallar materialdı oqıwshının` an`sat, tez bilip alıwına ko`p ja`rdem beredi.

Ha`rbir bag`ının`qılı qospa ga`ptin` tiykarg`ı belgileri mısallar ja`rdeminde da`liyllenedi. Oqıwshıg`a awızsha tu`rde tu`sinik beriwden faktler, mısallar ja`rdeminde sol temag`a tiyisli materialdı tu`sindiriw tiyis.

Sebebi, faktler, mısallar oqıwshının` esinde uzaq saqlanadı ha`m ol arqalı oqıwshı temag`a tiyisli anıqlamalardı eske tu`siredi. Materialdı qurg`aq bayanlawdan mısallar ja`rdeminde jetkeriwden okıwshının` ilimiy ko`z-qarasta bolıw qa`biletliligi payda boladı. Oqıwshılardın` materialdı o`zlestirip alıwı talapshan`lıg`ı menen ıqlasına baylanıslı. Bul ushın oqıwshının` ıqlasın, intasın arttırıw za`ru`rligi kelip shıg`adı.

## PAYDALANILG`AN A`DEBIYaTLAR


1. G`ulamov va boshqalar Wzbek tilini wqitish, Toshkent, 2001.
2. Qazaq tilin oqıtıw metodikası, Almatı – 1980
3. Berdimuratov E, Pirniyazov Q. Orta mekteplerde qaraqalpaq tilin oqıtıw metodikası, No`kis, 1998.
4. Uyıqbaev D ha`m t.b. Qazaq tili metodikasının` ma`seleleri, Almatı. 1989.
5. G`ulamov A Ona tilini wqitish printsiplari va metodikasi, Toshkent, 1992.
6. Isabaev A. Qazaq tilin oqıtıw metodikası, Tashkent, 2005.
7. Twxliev D. Shamsieva M, Ziyadova T. Wzbek tilin wqitish metodikasi, Toshkent, 2006.
8. Nazarova S. Wzbek tilin wqitish metodikasi, Toshkent, 1992.
9. G`ulamov A. Ne`matov X. Ona tili ta`limining mazmuni, Toshkent, 1992.
10. G`ulamov A., Qadirov M. Ona tilini wqitish metodikasi. Toshkent, 2001.